ЩІэныгъэ тхыгъэ
УДК 811.352.3
DOI: 10.31143/2542-212X-2024-1-283-293
EDN: XVINGQ

# АДЫГЭБЗЭМ ЖЫЛАГЪУЭ-ПОЛИТИКЭ ЛЕКСИКЭР КЪЫХЭГЪЭКІЫНЫМ ЕХЬЭЛІА ІУЭХУГЪУЭ ЗЭХЭМЫБЗХЭР

**Жылэтеж Хьэжысмел Чыляний и къуэ**

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ ІуэхущІапІэ «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» Федеральнэ щІэныгъэ центрым и филиал, Налшык, Урысей, hazismel@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6040-9524

**Аннотацэ.** Лэжьыгъэр теухуащ адыгэбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэр къыхэгъэкІыным ехьэлІа Іуэхугъуэ зэхэмыбзхэмрэ ахэр зэфІэха зэрыхъуну Іэмалхэмрэ. Мы темэр иджыри къэс джа мыхъуахэм ящыщщ. Ди къалэнхэм хохьэ «жылагъуэ-политикэ лексикэ» гурыІэгъуэм хыхьэ псалъэхэр наІуэ къэщІыныр, абы и купщІэр убзыхуныр, зэрыгуэша гупхэмрэ гупкъуэжхэмрэ къэгъэлъэгъуэныр. Статьям лъабжьэ хуэхъуащ мы Іуэхугъуэм теухуауэ хэку бзэщІэныгъэм щыІэ къэхутэныгъэхэмрэ еплъыкІэ зэхуэмыдэхэмрэ. Къыхыдогъэщ адыгэбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэм япэ дыдэу Апажэ Мухьэмэд зэрытетхыхьар, ауэ абы и къэхутэныгъэхэр урысыбзэм щекІуэкІхэм ещхьыркъабзэуэщ зэрыщытыр.

ЩІэуэ мы лэжьыгъэм хэлъыр – темэ къэтщтам ехьэлІауэ зэІубз мыхъуа, щІызэдауэ Іуэхугъуэ зыбжанэм жэуап зэрагъуэтар: жылагъуэ-политикэ лексикэкІэ зэджэр, абы хыхьэ гупхэр, гупкъуэжхэр иджырей бзэщІэныгъэр и лъабжьэу наІуэ щыщІащ. Статьям къыщыдгъэсэбэпащ бзэщІэныгъэ къэхутэныгъэ методхэу кІэлъыплъыныгъэ, тетхыхьыныгъэ, зэхэхуныгъэ, зэзыгъапщэ-зэпэзыгъэув зэпкъырыхыныгъэхэр. Къэхутэныгъэм кърикІуахэр щыхьэт тохъуэ адыгэбзэм жылагъуэ-политикэ лексикэм увыпІэшхуэ зэрыщиубыдым, абы къыхэкІыу адэкІи а лэжьыгъэр пыщэн хуейуэ къыдолъытэ.

**Зэрыгъуазэ псалъэхэр:** къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, жылагъуэ-политикэ лексикэ, къэрал, власть, жылагъуэ.

**Цитатэ къызэрыхэпхынур**: Жылэтеж Хь.Ч. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм жылагъуэ-политикэ лексикэр къыхэгъэкІыным ехьэлІа Іуэхугъуэ зэхэмыбзхэр // Электронный журнал «Кавказология». – 2024. – № 1. – С. 283-293. – DOI: 10.31143/2542-212X-2024-1-283-293. EDN: XVINGQ.

---

© Жылэтеж Хь.Ч., 2024

Original article

# THE PROBLEM OF DEFINING THE CONCEPT OF "SOCIO-POLITICAL VOCABULARY OF THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE"

**Khazhismel Ch. Zhiletezhev**

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientifi c Establishment «Federal Scientifi c Center «Kabardian-Balkarian Scientifi c

Center of the Russian Academy of Sciences», Kabardino-Balkarian Republic, Nalchik, Russia, hazismel@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6040-9524

**Abstract.** The article delves into one of the most understudied aspects of Kabardino-Circassian vocabulary: sociopolitical vocabulary. According to an analysis of the existing literature, there is no linguistic consensus on the name for this group of words. The most commonly used terms in linguistics are “socio-political vocabulary” and “socio-political terminology”. Both domestic and foreign linguistics use a variety of names to refer to the group of words under consideration, including political vocabulary, ideologically related vocabulary, social and socio-political terminology, political lexicon, social science terminology, and sociopolitical dictionary. It should be noted that the difference in terminology relates to the aspect of the research object being analyzed. The author emphasizes that the most appropriate of them is the name “socio-political vocabulary” since it reflects the life of society and the state accurately, and is the most specific term, as well as has a wide range of distribution and use. The analysis of the material reveals that the main components of sociopolitical vocabulary are “power,” “state,” and “society.” Based on the analysis of the existing literature, it was found that large discrepancies are also observed in the number of thematic classes included in the socio-political vocabulary. The author comes to the conclusion that in the modern Kabardino-Circassian language there is no thematic classification of socio-political vocabulary that meets the current state of the language and modern requirements of linguistics. The article draws attention to the fact that the thematic classification is quite conditional, since many components of this group of words often overlap. The author offers his own version of the classification of the socio-political vocabulary of the Kabardino-Circassian language, according to which 6 lexical and thematic groups are distinguished: political vocabulary; vocabulary characterizing political parties, organizations, social movements; legal vocabulary; military-political vocabulary; vocabulary expressing the spiritual and moral sphere of public life; legal vocabulary. The research is important because many theoretical and practical issues concerning the study, generalization, and analysis of the Kabardino-Circassian language’s sociopolitical vocabulary must be addressed. The paper employs a descriptive analytical method, contextual analysis, and statistical calculations.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, socio-political vocabulary, state, government, society.

**For citation:** Zhiletezhev Kh.Ch. The problem of defining the concept of "socio-political vocabulary of the Kabardino-Circassian language". IN: Electronic journal «Caucasology». – 2024. – № 1. – P. 283-293. – DOI: 10.31143/2542-212X-2024-1-283-293. EDN: XVINGQ.

---

© Zhiletezhev Kh.Ch., 2024

Научная статья

# ПРОБЛЕМА ОПРЕДЕЛЕНИЯ ПОНЯТИЯ «ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ЛЕКСИКА КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА»

**Хажисмель Чиляниевич Жилетежев**

Институт гуманитарных исследований – филиал Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук, Нальчик, Россия, hazismel@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6040-9524

**Аннотация.** В статье рассматривается один из самых малоизученных пластов лексики кабардино-черкесского языка – общественно-политическая лексика. Анализ существующей

литературы показывает, что в языкознании нет единого мнения по наименованию данной группы слов. Наиболее распространенными в лингвистике являются названия «общественно-политическая лексика» и «общественно-политическая терминология». Как в отечественном, так и в зарубежном языкознании рассматриваемая группа слов имеет еще несколько наименований: политическая лексика, идеологически связанная лексика, социальная и общественно-политическая терминология, политический лексикон, терминология общественных наук, общественно-политический словарь. Отмечается, что такой разнобой в терминологии связан с выбором аспекта исследования. Автор акцентирует внимание на наиболее подходящее название – «общественно-политическая лексика», потому что именно в ней наиболее полно отражается жизнь общества и государства, она наиболее спецефична, имеет обширную сферу распространения и употребления. Анализ материала позволяет установить, что основными составляющими общественно-политической лексики являются «власть», «государство», «общество». На основе анализа существующей литературы установлено, что большие расхождения наблюдаются и в количестве тематических классов, входящих в общественно-политическую лексику. Автор приходит к выводу, что в современном кабардино-черкесском языке отсутствует тематическая классификация общественно-политической лексики, отвечающая нынешнему состоянию языка и современным требованиям языкознания. В статье обращается внимание на то, что тематическая классификация является достаточно условной, так как многие компоненты данной группы слов часто пересекаются. Автором предложена своя версия классификации общественно-политической лексики кабардино-черкесского языка, согласно которой выделяются 6 лексико-тематических групп: политическая лексика; лексика, характеризующая политические партии, организации, общественные движения; правовая лексика; военно-политическая лексика; лексика, выражающая духовно-нравственную сферу общественной жизни; правовая лексика. Актуальность исследования обусловлена тем, что многие теоретические и практические вопросы, связанные с изучением, обобщением и анализом общественно-политической лексики кабардино-черкесского языка, требуют своего решения. В работе использован дескриптивно-аналитический метод, контекстуальный анализ, статистический подсчет.

**Ключевые слова:** кабардино-черкесский язык, общественно-политическая лексика, государство, власть, общество.

**Для цитирования:** Жилетежев Х.Ч. Проблема определения понятия «общественно-политическая лексика кабардино-черкесского языка» Электронный журнал «Кавказология». – 2024. – № 1. – С. 283-293. – DOI: 10.31143/2542-212X-2024-1-283-293. EDN: XVINGQ.

© Жилетежев Х.Ч., 2024

Жылагъуэ-политикэ лексикэм теухуа лэжьыгъэхэр къэппщытэмэ, нэрылъагъу мэхъу зэтемыхуэныгъэу абыхэм яIэр мы псалъэ гупым зэреджэ фIэщыгъэцIэхэм зэримызакъуэр, атIэ ахэр зэрыгуэшыжа гупкъуэжхэмкIи зэрызэщхьэщыкIыр. БзэщIэныгъэм нэхъыбэрэ узыщрихьэлIэ «Жылагъуэ-политикэ лексикэ», «Жылагъуэ-политикэ терминологие» цIэхэм нэмыщI мы гупым нэгъуэщI цIэ зыбжани фIащ: политикэ лексикэ, идеологиекIэ зэпха (зэгъэкIуа) лексикэ, псэуныгъэмрэ жылагъуэ-политикэмрэ епха фIэщыгъэцIэхэр, политикэ лексикон, концепт (идеологие) лексикэ, жылагъуэ-политикэ псалъалъэ (нэгъуэщI къэрал бзэщIэныгъэхэм). БзэщIэныгъэ литературэм хэту мы цIэ къедбжэкIахэм я зэтемыхуэныгъэр къызыхэкIыр ядж объектым зэрыбгъэдыхьэ лъэныкъуэр аращ.

Дэ дызэреплъымкIэ, мыбыхэм ящыщу нэхъ къезэгъыр «жылагъуэ-политикэ лексикэ» фIэщыгъэцIэрщ, абы нэхъыфIу къегъэлъагъуэ жылагъуэмрэ

къэралымрэ я гъащIэр, абы и нэщэнэхэр нэхъ щхьэхуэщ, ар нэхъ убгъуауэ къагъэсэбэп, псоми яIурылъщ. Нэхъыбэм я еплъыкIэм тепщIыхьмэ, жылагъуэ-политикэ лексикэм хохьэ политикэм, псэукIэм, политикэ экономием щыщ псалъэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. А Iыхьэхэм нэхъ гупсэхуу дакъытеувыIэнщ.

«Философие щIэнгъуазэ псалъалъэм» «политикэ» фIэщыгъэцIэм и мыхьэнэр мыпхуэдэу щыгъэнэхуащ: «Классхэм, лъэпкъхэм, социальнэ гупхэм я зэхущытыкIэхэм, IуэхущIафэхэм епха, зи купщIэр къэрал властыр къэубыдын, Iыгъын, къэгъэсэбэпын Iуэхугъуэу щыт» [Философский энциклопедический словарь 1989: 490]. Политикэм дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэу щытщ къэрал властым и ухуэкIэр, къэрал Iуэхухэм хэтыныр. Политикэр щIыбрэ кIуэцIу зэщхьэщокI. Къэралым IуэхущIафэу щекIуэкIыр куэд зэрыхъум къыхэкIкIэ, къыхагъэкI лъэпкъ, псэукIэ, экономикэ, щэнхабзэ политикэ. Абы къыхэкIыу жылагъуэ-политикэ лексикэм къедбжэкIа гупхэм щыщ псалъэхэр хыхьэн хуейщ. Ахэр политикэм ехьэлIауэ щыт хуэдэкъым, ауэ абыхэм къэрал властыр гъэзэщIа зэрыхъур ягъэбелджылы.

А Философие псалъалъэ дыдэм зэритымкIэ, «социологиер – ар жылагъуэм теухуа щIэныгъэщ, абы едж жылагъуэм и зэхэтыкIэмрэ и зыужьыкIэмрэ» [Философский энциклопедический словарь 1989: 614]. Мыбы къыщыкIуэ «жылагъуэ», «жылагъуэ-экономикэ формацэ», «класс», «лъэпкъ», н.къ. псалъэхэр жылагъуэ-политикэ лексикэм епхащ.

Ожегов С.И. и псалъалъэм къызэрыщыхьамкIэ, «политикэ экономиер мылъкухэкIхэр къыдэгъэкIынымрэ гуэшынымрэ ехьэлIа жылагъуэ зэхущытыкIэхэр зыдж щIэныгъэщ» [Ожегов 1986: 478]. Жылагъуэ зэхущытыкIэхэр мылъкухэкIыу е еплъыкIэу (идеологие) щытщ. Иужьрейм хохьэ *политикэ, хуитыныгъэ, кIухьэн, дин* псалъэхэр. Аращи, политикэ зэхущытыкIэхэр жылагъуэ зэхущытыкIэхэм я Iыхьэу къокIуэ.

Дызытепсэлъыхьа псалъэхэм къагъэлъагъуэ ахэр псори жылагъуэм щекIуэкI политикэ гъащIэм, политикэ зэхущытыкIэхэм зэрепхар. Абы къыхэкIыу жылагъуэ-политикэ лексикэр (адэкIэ гъэкIэщIауэ ЖПЛ) жылагъуэм и политикэ ухуэкIэр, и политикэ гъащIэр къэзыгъэлъагъуэ лексикэ системэу щытщ. Iыхьэ нэхъыщхьэу мыбдежым къэувыр властым ехьэлIа упщIэхэращ. Абы ипкъ иткIэ нэрылъагъущ ЖПЛ-м хыхьэ псалъэхэм властыр зэрагъэбелджылыр. «Властыр – ар узыхуейхэр (фIэфIыныгъэхэр) зыIэрыбгъэхьэн папщIэ лъэкIыныгъэрэ Iэмалрэ уиIэнырщ, цIыхухэм я IуэхущIафэхэмрэ дуней тетыкIэхэмрэ Iэмал гуэрхэмкIэ хэIэбэныгъэ – IулыджкIэ, хуитыныгъэкIэ, текъузэныгъэкIэ» [Философский энциклопедический словарь 1989: 92]. Властым и лIэужьыгъуэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэу щытщ политикэ властыр – зы класс, гуп, цIыху гуэрым зыхуейхэр политикэм хабзэкIэ щыпхигъэкIыну лъэкIыныгъэхэр иIэу; абы нэщэнэу иIэщ социальнэ тепщэныгъэмрэ класс гуэрхэм унафэр яIэщIэлъынымрэ.

Псори къызэщIэпкъуэжмэ, нэрылъагъущ жылагъуэ-политикэ лексикэм и купщIэу «власть», «къэрал», «жылагъуэ» псалъэхэр зэрыщытыр. ЖПЛ-м гъунапкъэ щхьэхуэ иIэу щытми, ар быдэу пыщIащ экономикэм, хуитыныгъэм, диным, философием, гъуазджэм, дзэ Iуэхум. Абы къикIыркъым гуманитар щIэныгъэхэм я лексикэр псори ЖПЛ-м хыхьэу. И инагъымкIэ, къызэщIиубыдэмкIэ, къалэн игъэзащIэмкIэ, зэрызиубгъуамкIэ, адрей лексикэ-тематикэ гупхэм

къащхьэщыкIыу, къалэн нэхъыщхьэ (пэрыт) зэригъэзащIэмкIэ ЖПЛ-м увыпIэ хэха иIэщ. Ар хэх имыIэу епхащ тепщэныгъэр зыIэщIэлъ политикэ системэм, унафэщI партхэм, къэрал-жылагъуэ институтхэм. ЖПЛ-р быдэу пыщIащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, къыхуеджэныгъэмрэ къэгъэдэIуэныгъэмрэкIэ Iэмал лъэщхэм. НэгъуэщI зы лексикэ-тематикэ гупи апхуэдэ зэфIэкI яIэкъым, апхуэдэу занщIэу цIыхубэм япыщIакъым. Абы къыхэкIыу мы лексикэр цIыхубэм дежкIэ къэгъуэтыгъуафIэу икIи гурыIуэгъуэу щытын хуейщ. Мы лексикэ категориер жылагъуэ псэукIэм зэрыпыщIам щхьэкIэ, абы зэхъуэкIыныгъэ куэд щокIуэкI. Псалъэм папщIэ, спортым е техникэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэм хуэдэу, ЖПЛ-р зы щытыкIэм иткъым. ЖПЛ-м зыхъуэжыныгъэ инхэр къыщохъу тхыдэм и зэхъуэкIыныгъэ лъэхъэнэхэм, социальнэ-экономикэ зыужьыныгъэ инхэм деж. ЖПЛ сыт щыгъуи дэщIыгъу нэщэнэхэм ящыщщ зы псалъэр, жыIэгъуэр нэгъуэщIкIэ хъуэжыныр, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ псынщIэу псалъэр яIэпыхужыныр, жьы хъуныр. Пэжщ, а Iуэхугъуэхэр сытым дежи зэщхьу екIуэкIыркъым. Протченко И.Ф. къызэрилъытэмкIэ, «жылагъуэ-политикэ фIэщыгъэцIэр зэман кIыхькIэ IэщIыб ящIыжауэ щытынкIэ хъунущ, гуемыкIу мыхьэнэ зэриIам къыхэкIыу, ауэ и гуемыкIу мыхьэнэр фIэкIуэдмэ, иужькIэ ар бзэм къыхыхьэжыфынущ» [Протченко 1984: 59]. Щапхъэхэр: *министр, офицер, генерал, парламент, плюрализм, собственность, бэджэнд* – аренда, *бэджэндырылажьэ* – арендатор, *хьэрычэтыщI* – предприниматель, *конкуренцэ* – конкуренция, *самоуправленэ* – самоуправления, н.къ. Мы псалъэхэр бзэм къыхыхьэнир къашащ къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, ефIакIуэныгъэхэм, зыужьыныгъэхэм.

Аращи, адыгэбзэм и жылагъуэ-политикэ лексикэм хохьэ политикэ ухуэкIэм, жылагъуэ-политикэ гъащIэм, къэралым (къэралхэм) и политикэ кIуэцIымрэ экономикэ IуэхущIафэмрэ, къэрал зэхущытыкIэхэм ехьэлIа псалъэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. ЖПЛ-м нэщэнэ щхьэхуэхэр иIэщ: 1) къызэрыхъуам елъытауэ езы бзэм ейрэ нэгъуэщIыбзэм къыхэкIарэу ягуэш; 2) къызэрагъэсэбэп елъытауэ – псоми къагъэсэбэп, къызэрыгуэкI, жаргон; 3) я зэхэтыкIэкIэ – къызэрыкIуэ, зэхэлъ, гъэкIэщIа зэхэлъ; 4) политикэм и бзэм и къалэн нэхъыщхьэхэр ягъэзащIэ – зэрызэпсалъэ (хъыбарегъащIэ), къызэрагъэдаIуэ; 5) гурыщIэ-уасэгъэув нэщэнэ яIэщ.

«Жылагъуэ-политикэ лексикэ» гурыIуэгъуэм нэмыщIкIэ, упщIэ нэхъыщхьэу щытщ абы хыхьэ гупхэр убзыхуныр. ЗэрынаIуэщи, ЖПЛ-р бзэм къызэрыщагъэсэбэпыр куэдкIэ бзэщIыб Iуэхугъуэхэм епхащ. Жылагъуэ-политикэ гъащIэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр я закъуэу бзэм къыщыкIуэркъым, ахэр нэщэнэ гуэрхэмкIэ зэгъусэ мэхъу. Загребальный А.В. къызэрилъытэмкIэ, «жылагъуэ-политикэ лексикэр зэтегъэпсыхьа, къэгъэлъэгъуа зэрыхъу Iэмалщ, ар тематикэ гуп зэпыщIауэ къэхьамэ» [Загребальный 2013: 18].

Хэку бзэщIэныгъэм ЖПЛ-м хыхьэн хуейуэ къыщалъытэ лексикэ-тематикэ гупхэр я бжыгъэкIи ахэр зэрызэхэткIи зэтехуэркъым. ЖПЛ-м и тематикэ гуэшыныгъэр псори нэхъ къызэщIиубыдэу къыщыхьащ Протченкэ И.Ф., Бурячок А.А. сымэ я лэжьыгъэхэм.

Протченкэ И.Ф. ЖПЛ-м тематикэ гупу 9 къыхегъэкI: 1. Коммунист партым и лэжьыгъэм, бэнэныгъэм, дунейпсо коммунист, рабочэ зэщIэхъееныгъэм, н.къ.

ехьэлIа псалъэхэр; 2. Совет цIыхухэм я дунейеплъыкIэр, хьэлщэнхэр, зэхущытыкIэщIэхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр; 3. Комсомол гъащIэм, пионер (сабий, ныбжьыщIэ) зэгухьэныгъэхэм, дунейпсо щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэм епха псалъэхэр; 4. Совет ухуэкIэр, къэрал IуэхущIапIэхэр, къулыкъухэр, н.къ. къэзыгъэлъагъуэхэр; 5. Профсоюз лэжьыгъэм, гуп зэхуэмыдэхэм, цIыхубз зэгухьэныгъэхэм ехьэлIахэр; 6. Лъэщэпкъгъэпс, мэкъумэш къыщIэгъэкIыныгъэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр, совет цIыхухэм гуащIэдэкIым хуаIэ хущытыкIэщIэхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр; 7. Совет цIыхубэм я гъащIэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэщIэхэм епхахэр; 8. Жылагъуэ-политикэ, экономикэ, щэнхабзэ псэукIэм щыIэ мыхъумыщIагъэ Iуэхугъуэхэм ехьэлIа псалъэхэр; 9. Класс бэнэныгъэр, хамэ идеологиер, биигъэ зыхэлъ политикэ еплъыкIэхэр, абыхэм я телъхьэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр [Протченко 1984: 59].

Зэрынэрылъагъущи, мы къэтхьа гуэшыныгъэм социалист гупсысэкIэр (идеологиер), совет псэукIэр и лъабжьэщ. Абы къыдэкIуэуи гу лъыботэ нэгъуэщI жылагъуэ системэхэм мыбы увыпIэ зэрыщамыIэм, къэралзэхуаку зэхущытыкIэхэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр зэрыхэмытым. ДызэреплъымкIэ, апхуэдэ псалъэ гупхэр Iэмал имыIэу гуэшыныгъэм хыхьэн хуейщ. А ныкъуасаныгъэхэр къыщылъытащ Бурячок А.А. и лэжьыгъэм. Абы социальнэ-политикэ лексикэм гупи 8 къыхегъэкI: 1. КПСС и лэжьыгъэм, дунейпсо коммунист, рабочэ зэщIэхъееныгъэм ехьэлIа псалъэхэр; 2. СССР-мрэ социалист къэралхэм я зэкъуэтыныгъэм, я жылагъуэ-къэрал ухуэкIэм, я тхыдэм епха псалъэхэр; 3. Феодальнэ, капиталист къэралхэм я жылагъуэ-къэрал ухуэкIэр, тхыдэр къэзыгъэлъагъуэхэр; 4. Къэралзэхуаку зэхущытыкIэхэм епха псалъэхэр; 5. Политикэ-экономикэ фIэщыгъэцIэхэр; 6. Политикэ-философие фIэщыгъэцIэхэр; 7. Политикэ-юридическэ фIэщыгъэцIэхэр; 8. Дзэ Iуэхум ехьэлIа псалъэхэр [Бурячок: 1983: 436]. Зэрынэрылъагъущи, Протченкэ И.Ф., Бурячок А.А. сымэ я гуэшыкIэм зэтехуэ гуэрхэр хэтщ, ауэ Бурячок А.А. ейм хигъэхьа 5-8 IыхьэхэмкIэ арэзы ухъуфынукъым – жылагъуэ-политикэ лексикэмрэ терминологиемрэ ехьэлIауэ къыхэмыгъэщхьэхукIа бгъэдыхьэкIэ зэриIэр нэрылъагъущ.

Голованевскэм А.Л. ЖПЛ-м мыпхуэдэ гупхэр къыхегъэкI: 1) власть ищхьэ; 2) къулыкъущIэхэр; 3) щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэр; 4) тепщэ гупым ехьэлIахэр; 5) класс бэнэныгъэ лIэужьыгъуэхэр [Голованевский 1989: 11]. Зэрынэрылъагъущи, мы тематикэ гуэшыкIэм къызэщIиубыдэр мащIэ дыдэщ, «щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэр» гупыр мыбы щIыхыхьар гурыIуэгъуэкъым икIи лъабжьэншэщ.

ЖПЛ-м илъэс куэдкIэ елэжьа Л.А. Ждановэм абы тематикэ гупу 7 къыхегъуатэ: экономикэм, хуитыныгъэм, къэралщIыб политикэм, диным, философием, дзэм, администрацэм ехьэлIахэр [Жданова 1996: 121].

БзэщIэныгъэм ЖПЛ-м гуэшыныгъэу щиIэхэр къыпхуебжэкIынукъым, ахэр апхуэдизкIэ куэдщи. ЖПЛ-м теухуауэ щыIэ къэхутэныгъэхэм я нэхъыбэр теухуащ урыс ЖПЛ-м. Абы къыдэкIуэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ иужьрей илъэсхэм ди къэралым щызекIуэ адрей лъэпкъыбзэхэми ЖПЛ-м гулъытэ лей хуащIу зэрыщIадзам. Апхуэдэу, Солтаханов И.Э. мышкъышыбзэмрэ шэшэныбзэмрэ я ЖПЛ-м тематикэ гупу 5 къыхегъэкI: политикэм, экономикэм, хуитыныгъэм,

дзэм, диным ехьэлIахэр [Солтаханов 2009: 5-6]. Абы ещхь гуэшыкIэ къыхуехь Бачаевэ С.Е. къалмыкъыбзэм [Бачаева 2012: 41]. Осетиныбзэм и ЖПЛ К.Г. Джусоевэм гупихыу еугуэш: тепщэныгъэ зиIэхэм, ягъэпщылIхэм, гъэпщылIыныгъэм ехьэлIа псалъэхэр; революцэ зэщIэхъееныгъэмрэ абы къихьа зэхъуэкIыныгъэмрэ епхахэр; дунейеплъыкIэ, цIыхугъэ, дунейтетыкIэ гурыIуэгъуэхэм ехьэлIахэр [Джусоева 2017: 10-66].

Адыгэбзэм и ЖПЛ-м япэ дыдэу тематикэ гуэшыныгъэ 1992 гъэм хуищIащ Апажэ Мухьэмэд. Абы адыгэбзэм къыхегъэкI Протченкэ И.Ф. урысыбзэм къыхигъэкIа гуп дыдэхэр [Апажев 1992: 73]. Абыхэм дэ ищхьэкIэ дакъытеувыIауэ щытащ. Гу зылъытапхъэщ Апажэм иригъэкIуэкIа тематикэ гуэшыныгъэр совет гъащIэмрэ псэукIэмрэ езэгъыу зэрыщытар. Ауэ мыбдежым нэгъуэщI зы Iуэхугъуэми къытеувыIэн хуейщ: а зэманым ирихьэлIэу Совет къэралыр къутэжат икIи абы ди къэралми дуней псоми зэхъуэкIыныгъэхэр къыщрикIуат. Совет къэрал, жылагъуэ щымыIэжым теухуа гупхэр Апажэм щIыхигъэхьар, дэ дызэреплъымкIэ, ди къэралыр адэкIэ зэрыкIуэну политикэ, экономикэ гъуэгур иджыри зэхэмыбзу зэрыщытаращ. 2000 гъэм абы адыгэбзэм и ЖПЛ тематикэ гуэшыныгъэщIэ ирегъэкIуэкI икIи гупу 7 къыхегъэкI: жылагъуэ, политикэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм ехьэлIахэр; дунейеплъыкIэр, хьэлщэныр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр; къэрал ухуэкIэм, IуэхущIапIэхэм, административнэ гуэшыкIэхэм, тхыдэм и лъэхъэнэхэм, къулыкъухэм, н.къ. ехьэлIа псалъэхэр; профсоюзхэм, езыр-езыру зэгухьа гупхэм, жылагъуэхэм, зэгухьэныгъэхэм епха псалъэхэр; гуащIэдэкIым, лъэщэпкъгъэпсым, мэкъумэш къыщIэгъэкIыныгъэм ехьэлIахэр; щIэныгъэм, щэнхабзэм къыщыхъу, щекIуэкI Iуэхугъуэхэм епха псалъэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ; жылагъуэмрэ щэнхабзэмрэ щыIэ мыхъумыщIагъэхэр, дуней псом къыщекIуэкI цIыхугъэншагъэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр [Апажев 2000: 110-111]. Зэрынэрылъагъущи, Апажэм ищIа гуэшыныгъэщIэр япэрейм куэдкIэ къыщхьэщыкIыркъым: зэрыщымыIэжым къыхэкIыу «совет» фIэщыгъэцIэр хэкIыжащ, абы и щхьэусыгъуэкIэ 3-нэ Iыхьэри лей хъуащ, язынокъуэ гупхэр (8-9) зэгуигъэхьэжащ.

Зэрынэрылъагъущи, иджырей адыгэбзэм и щытыкIэр къигъэлъагъуэу, нобэрей бзэщIэныгъэм къигъэувхэм пэхъуу тематикэ гуэшыныгъэ ЖПЛ-м иIэкъым. Абы къыдэкIуэуи къэгъэлъэгъуэн хуейщ ЖПЛ-м и тематикэ гуэшыныгъэм хэлъ гугъуагъхэр. Адыгэбзэм и ЖПЛ-м тематикэ гуп къыхэгъэкIыныр зыкъомкIэ елъытауэ щытщ. Апхуэдэу щIыщытыр ЖПЛ-м хыхьэ Iыхьэ нэхъыщхьэхэр «къэралымрэ жылагъуэмрэ», «къэралымрэ политикэмрэ», «къэралымрэ хуитыныгъэмрэ», «къэралымрэ властымрэ», «политикэмрэ экономикэмрэ», «жылагъуэмрэ властымрэ» зэхыхьэу зэрыщытыр аращ. Абы къегъэлъагъуэ жылагъуэ-политикэ ухуэкIэр гугъуу зэрыщытыр икIи абы хыхьэ тематикэ гупхэр зэрыгуэшыгъуейр.

Тематикэ гупхэр къыщыхагъэкIкIэ мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ компонент зэхэхуныгъэм, абыкIэ къэхута мэхъу мыхьэнэ зиIэ бзэм и Iыхьэ нэхъ цIыкIу дыдэр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэкIэ зэпкърыпхыфынущ псалъэ щхьэхуэхэр, мыхьэнэбэ псалъэхэм я мыхьэнэ зэхуэмыдэхэр, мыхьэнэ зэщхь зиIэ псалъэ гупхэмрэ гупкъуэжхэмрэ.

ЖПЛ гуэшыныгъэм теухуа къэхутэныгъэхэм я нэхъыбэм тематикэ гупхэм хыхьэ Іыхьэхэр зэкIэлъыгъэкIуа зэращI Iэмал нэхъыщхьэу щытщ къебжэкIыр. Апхуэдэ IэмалкIэ къыхэбгъэкIыфыр тематикэ гупхэм я закъуэкъым, атIэ гуп къэс иIэ гупкъуэжхэри къыхэгъэкIа мэхъу. А щIыкIэмкIэ адыгэбзэм и ЖПЛ-м лексикэ-тематикэ гупу 6 къыхыдогъэкI:

1. Политикэ лексикэр нэхъ гуп ин дыдэщ. Мыбы хохьэ цIыху псоми е нэхъыбэм къагурыIуэ, псоми къагъэсэбэп псалъэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ: а) къэрал власть IэнатIэхэм я фIэщыгъэцIэхэр; б) къулыкъухэм, къулыкъущIэхэм зэреджэхэр; в) власть IэнатIэхэм я унафэм ехьэлIахэр; г) къэралщIыб, къэралкIуэцI политикэм епхахэр; д) къэрал, къэрал власть дамыгъэхэр, нэщэнэхэр.

2. Политикэ партхэм, зэгухьэныгъэхэм, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм епха псалъэхэр: а) парт, зэгухьэныгъэ, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэ зэхуэмыдэхэм я фIэщыгъэцIэхэмрэ абыхэм хэтхэм зэреджэхэмрэ; б) политикэ Iуэхугъуэхэм, акцэхэм ехьэлIахэр; в) хэхыныгъэм епха псалъэхэр.

3. Хуитыныгъэ лексикэм хыхьэхэм къагъэлъагъуэ: а) хуитыныгъэ, къалэн, мардэ; б) хеящIэ власть IэнатIэхэр.

4. Дзэ-политикэ лексикэм хохьэ: а) зауэлIхэм, дзэ къулыкъуцIэхэмрэ дзэ гупхэмрэ ехьэлIахэр; б) зауэ Iуэхугъуэхэм епхахэр; в) дзэ-политикэ зэгухьэныгъэ, зэгурыIуэныгъэ зэхуэмыдэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр.

5. Жылагъуэ гъащIэм и псэкупсэ-хьэл IуэхущIафэхэр къагъэлъагъуэ: а) щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, идеологием епха псалъэхэм; б) дунейеплъыкIэ-хьэл гурыIуэгъуэм ехьэлIа псалъэхэр; в) лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм, социальнэ гупхэм я фIэщыгъэцIэхэм; г) диным епха псалъэхэм.

6. Экономикэм ехьэлIа псалъэхэр гуп зыбжанэ мэхъу: а) тхылъымпIэ лъапIэхэм, ахъшэ Iуэхухэм епхахэр; б) ахъшэ, мылъку зэгухьэныгъэхэм, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм ехьэлIахэр; в) щэн-къэщэхуным, мылъку, ахъшэ зыщIыпIэ хэлъхьэным епхахэр.

Жылагъуэ-политикэ лексикэр къыщахутэкIэ, адрей тематикэ псалъэ гупхэми хуэдэу, нэхъыщхьэу щытщ «мыхьэнэ губгъуэ» (семантическое поле) гурыIуэгъуэр. Абы къегъэлъагъуэ зы мыхьэнэ нэщэнэ зиIэ бзэм и занэхэр. Апхуэдэ «губгъуэм» нэрылъагъу ещI дуней бзэтеплъэм и Iыхьэ пыухыкIа гуэр.

«Мыхьэнэ губгъуэм» ехьэлIа упщIэхэр хэку, нэгъуэщI къэрал лексикэдж-хэм иджыри къэс щызэхэгъэкIауэ щыткъым. БзэщIэныгъэ псалъалъэ-жэуапылъэм «мыхьэнэ губгъуэр» мыхьэнитI иIэу къыщыхьащ: 1. Iуэхугъуэ, щытыкIэ гуэрхэр къагъэлъагъуэу лексикэ занэхэр бзэм тематикэ гупу щызэгухьауэ: *зэман мыхьэнэ губгъуэ, щIыпIэ мыхьэнэ губгъуэ,* н.къ. 2. Мыхьэнэ пыухыкIа яIэу тематикэ сатыр къэзыгъэхъу псалъэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ. Зэман мыхьэнэ губгъуэ: *илъэс, мазэ, тхьэмахуэ, махуэ, жэщ, сыхьэт,* н.къ. [Розенталь, Теленкова 1985: 274]. Гу лъытэн хуейщ мыхьэнэ губгъуэр бзэщIэныгъэм куэдрэ лексикэ-тематикэ гупым зэрыщыхуагъадэм.

БзэщIэныгъэм «мыхьэнэ губгъуэм» теухуауэ нэгъуэщI еплъыкIэхэри щыIэщ, абыхэм я нэхъыбэр «губгъуэ бгъэдыхьэкIэм» епхащ. Литературэ щыIэр къэппщытэмэ, нэрылъагъу мэхъу псалъэ гупхэр къызэрыхагъэкI щIыкIэмрэ зэрагуэшымрэ мы зэманым зэщхьу, зыгуэрым теубыдауэ зэрыщымытыр. Гуэ-

шыныгъэм лъабжьэ хуэхъуа нэщэнэм елъытауэ, бзэщIэныгъэлIхэм губгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхагъэкI: лексикэ-мыхьэнэ губгъуэ, лексикэ-мыхьэнэ гуп, тематикэ сатыр, синтагматикэ, зэгуэт, ассоциатив губгъуэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ лексикэм и тематикэ гупхэр къэлъытэнымкIэ лексикэ-мыхьэнэ губгъуэр нэхъ тыншу зэрыщытыр.

Аращи, адыгэбзэм и ЖПЛ-р къэлъытэн хуейщ зы темэкIэ зэгухьэ, псалъэ лъэпкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыхыхьэ лексикэ-тематикэ псалъэ гупу. Мыбдежым зэпхыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэщ – парадигматикэ, ситагматикэ.

ХХ лIэщIыгъуэм ди къэралым и жылагъуэ-политикэ гъащIэм къыщыхъуа егъэлея зэхъуэкIыныгъэхэм къашащ жылагъуэ зэхэщIыкIымрэ адыгэбзэм хэт псалъэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэшхуэ зэрагъуэтар. Ноби екIуэкI а зэхъуэкIыныгъэхэр зэхьэлIар политикэм и закъуэкъым, атIэ экономикэм, щэнхабзэм, нэгъуэщIхэми епхащ. ГъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр нэрылъагъу щыхъур ЖПЛ-р аращ. Абы къыхэкIыу иужьрей илъэсхэм бзэм елэжьхэм ЖПЛ-м нэхъыбэ гулъытэ хуащIу зэрыщIадзар тэмэмщ. Иджырей ЖПЛ-р къэпщытэмэ, нэрылъагъу мэхъу ар зэрыхэхъуэр, зэрыбагъуэр, абы зэрызиужьыр, сыт хуэдэ социальнэ, экономикэ, политикэ, щэнхабзэ зэхъуэкIыныгъэ жылагъуэ гъащIэм щекIуэкIхэри щхьэусыгъуэ хуохъу псалъэщIэхэр къэхъуным.

Адыгэбзэм и ЖПЛ и хэкIыпIэ-хэхъуапIэу иджыри щытыр нэхъыщхьэу урысыбзэр аращ. Апхуэдэу урысыбзэр яхущытщ ди къэралым щызекIуэ лъэпкъыбзэ псоми я ЖПЛ-м, ар сэбэп мэхъу а фIэщыгъэцIэхэр зэщхь, зэкIэлъыкIуэ, зэгъунэгъу хъуным. Абы къикIыркъым жылагъуэ-политикэ псалъэщIэхэр къэгъэщIыным ехьэлIауэ езы бзэм и лексикэ Iэмалхэм кIэрыхуну. Уеблэмэ, лъэпкъым и зэхэщIыкIым, щэнхабзэм, псэукIэм зиужьыхукIэ, анэдэлъхубзэми езым и Iэмалхэри нэхъыбэ хъунущ.

## ТЕГЪЭЩIАПIЭХЭР


Апажев 1992 – *Апажев М.Л.* Проблемы кабардинской лексики. – Нальчик: Эльбрус, 1992. – 336 с.

Апажев 2000 – *Апажев М.Л.* Современный кабардино-черкесский язык. Лексикология, лексикография. – Нальчик: Эльбрус, 2000. – 408 с.

Бачаева 2012 – *Бачаева С.Е.* Общественно-политическая лексика современного калмыцкого языка. – Элиста: ЗАОр «НПП «Джанар», 2012. – 253 с.

Бурячок 1983 – *Бурячок А.А.* Формирование общего фонда социально-политической лексики восточнославянских языков: дис. ... докт. филол. наук: – Киев, 1983. – 436 с.

Голованевский 1989 – *Голованевский А.Л.* Роль социальной и идеологической оценочности в развитии общественно-политической лексики и фразеологии русского литературного языка // Язык и общество. – Вып. 8. – Саратов, 1989. – С. 9-22.

Джусоева 2017 – *Джусоева К.Г.* Возникновение и становление общественно-политической лексики осетинского языка (1900-1990 гг.). – Владикавказ: СОГУ им. К. Л. Хетагурова, 2017. – 150 с.

Жданова 1996 – *Жданова Л.А.* ОПЛ: структура и динамика: дис. … канд. филол. наук. – М., 1996. – 224 с.

Загребальный 2013 – *Загребальный А.В.* Лексика общественно-политической сферы русского языка начала XX века в семасиологическом и функциональном аспектах. – Вологда: ИСЭРТ РАН, 2013. – 248 с.

Ожегов 1986 – *Ожегов С.И.* Словарь русского языка. – М.: Русский язык, 1986. – 797 с.

Протченко 1984 – *Протченко И.Ф.* Русский язык: проблемы изучения и развития. – М.: Педагогика, 1984. – 224 с.

Розенталь, Теленкова 1985 – *Розенталь Д.Э., Теленкова М.А.* Словарь-справочник лингвистических терминов. – М.: Просвещение, 1985. – 399 с.

Солтаханов 2009 – *Солтаханов И.Э.* Становление и развитие общественно-политической лексики в нахских литературных языках: Автореф. дис. … канд. филол. наук. – М., 2009. – 17 с.

Философский энциклопедический словарь 1989 – Философский энциклопедический словарь. – М.: Советская энциклопедия, 1989. – 816 с.

## REFERENCES

APAZHEV M.L. *Problemy kabardinskoi leksiki* [Problems of Kabardian vocabulary]. – Nal'chik: El'brus, 1992. – 336 s. (In Russ.).

APAZHEV M.L. *Sovremennyi kabardino-cherkesskii yazyk. Leksikologiya, leksikografiya* [Modern Kabardino-Circassian language. Lexicology, lexicography]. – Nal'chik: El'brus, 2000. – 408 s. (In Russ.).

BACHAEVA S.E. *Obshchestvenno-politicheskaya leksika sovremennogo kalmytskogo yazyka* [Socio-political vocabulary of the modern Kalmyk language]. – Elista: ZAOr «NPP «Dzhanar», 2012. – 253 s. (In Russ.).

BURYACHOK A.A. *Formirovanie obshchego fonda sotsial'no-politicheskoi leksiki vostochnoslavyanskikh yazykov* [Formation of a common fund of socio-political vocabulary of the East Slavic languages]: dis. ... dokt. filol. nauk. – Kiev, 1983. – 436 s. (In Russ.).

GOLOVANEVSKII A.L. *Rol' sotsial'noi i ideologicheskoi otsenochnosti v razvitii obshchestvenno-politicheskoi leksiki i frazeologii russkogo literaturnogo yazyka* [The role of social and ideological evaluation in the development of socio-political vocabulary and phraseology of the Russian literary language]. In: Yazyk i obshchestvo. – Vyp. 8. – Saratov, 1989. – S. 9-22. (In Russ.).

DZHUSOEVA K.G. *Vozniknovenie i stanovlenie obshchestvenno-politicheskoi leksiki osetinskogo yazyka (1900-1990 gg.)* [The emergence and formation of the socio-political vocabulary of the Ossetian language (1900-1990)]. – Vladikavkaz: SOGU im. K. L. Hetagurova, 2017. – 150 s. (In Russ.).

ZHDANOVA L.A. *OPL: struktura i dinamika* [OPL: structure and dynamics]: dis. … kand. filol. nauk. – M., 1996. – 224 s. (In Russ.).

ZAGREBAL'NYI A.V. *Leksika obshchestvenno-politicheskoi sfery russkogo yazyka nachala KhKh veka v semasiologicheskom i funktsional'nom aspektakh* [The vocabulary of the socio-political sphere of the Russian language of the early twentieth century in semasiological and functional aspects]. – Vologda: ISERT RAN, 2013. – 248 s. (In Russ.).

OZHEGOV S.I. *Slovar' russkogo yazyka* [Dictionary of the Russian language]. – M.: Russkii yazyk, 1986. – 797 s. (In Russ.).

PROTCHENKO I.F. *Russkii yazyk: problemy izucheniya i razvitiya* [Russian language: problems of learning and development]. – M.: Pedagogika, 1984. – 224 s. (In Russ.).

ROZENTAL" D.Je., TELENKOVA M.A. *Slovar' spravochnik lingvisticheskih terminov*. [Dictionary reference of linguistic terms]. – M.: Prosveshhenie, 1985. – 399 s. (In Russ.).

SOLTAKHANOV I.E. *Stanovlenie i razvitie obshchestvenno-politicheskoi leksiki v nakhskikh literaturnykh yazykakh* [Formation and development of socio-political vocabulary in the Nakh literary languages]: Avtoref. dis. … kand. filol. nauk. – M., 2009. – 17 s. (In Russ.).

*Filosofskii entsiklopedicheskii slovar'* [Philosophical Encyclopedic Dictionary]. – M.: Sovetskaya entsiklopediya, 1989. – 816 s. (In Russ.).

**Авторым теухуауэ**

Хь.Ч. Жылэтеж – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат.

**Информация об авторе**
Х.Ч. Жилетежев – кандидат филологических наук.
**Information about the author**
Kh. Ch. Zhiletezhev – candidate of Science (Philology).

Статья поступила в редакцию 09.01.2024 г.; одобрена после рецензирования 15.03.2024 г.; принята к публикации 27.03.2024 г.
The article was submitted 09.01.2024; approved after reviewing 15.03.2024; accepted for publication 27.03.2024.